



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 8.8 MILYON DOLA POU KREYE 35 INITE LOJMAN KI BAY SIPÒ NAN KONTE NIAGARA AK CHENANGO

Pwojè yo bay finansman yo ap kreye 35 inite lojman ak 76 kabann pèmanan ki bay sipò pou Nouyòkè ki te sanzabri anvan yo

Devlopman sa yo apiye angajman Gouvènè a pou ogmante apwovizyonman lojman atravè New York

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo bay plis pase 8.8 milyon dola pou de pwojè nan Konte Niagara ak Chenango k ap kreye 35 inite ak 76 kabann lojman pèmanan ki bay sipò pou fanmi ak moun ki te sanzabri.

"Kreyasyon lojman estab ki gen aksè fasil pou sèvis sipò se yon pati vital nan travay nou pou ede fanmi ak moun ki vilnerab ki te sanzabri yo simonte sikonstans yo epi pwospere kòm yon pati nan kominote a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo, lè yo fini, ap kenbe pwomès yo pou chanje avni an yon fiti ki pi bon lè yo ede nou bay kamarad Nouyòkè nou yo zouti yo bezwen pou reyisi."

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif, ki se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la, ke yo te adopte okòmansman nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a. Plan Gouvènè Hochul la pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo ansanm.

Avèk dènnye prim sa yo, HHAP te angaje plis pase 26.8 milyon dola nan 128 milyon dola a nan finansman yo te bay nan bidjè Ane fiskal 2024 la. Pwojè ki te resevwa finansman yo se:

- **Community Services for Every1, Inc.**, 4.5 milyon dola pou devlope 18 inite ak 26 kabann nan lojman pèmanan ki bay sipò nan Niagara Falls pou moun ak fanmi. Sa fè pati yon pi gwo pwojè, The Nest, k ap genyen nouvo konstriksyon yon bilding sis etaj pou itilizasyon melanje ak yon total 73 inite, yon sal kominotè, biwo pou lwe sou plas, enstalasyon pou lesiv, paking pou lokatè, ak espas vè ki

gen yon teren jwèt. Espas komèsyal la ap itilize pa Community Services for Every1 pou bay sèvis preparasyon pou travay ak devlopman mendèv pou rezidan lokal yo.

- **Greater Opportunities for Broome and Chenango, Inc.**, 4.3 milyon dola pou devlope 17 inite ki genyen ladan yo 50 kabann nan lojman pèmanan ki bay sipò pou moun ak fanmi ki sanzabri nan fason kwonik nan New Berlin. Pwojè a genyen ladan l prezèvasyon sèt inite ki egziste deja ak 10 inite ki fèk konstui, ansanm ak renovasyon modere twa bilding ak reyabilitasyon entèn nan yon lòt.

Anplis, yo te bay United Veterans Beacon House, Inc. 18,285 dola pou renove yon saldeben pataje nan yonabri 10 chanm nan Konte Suffolk.

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Investisman eta a nan pwojè sa yo ap ogmante disponibilite lojman ki sekirize, nan pri ki abòdab ki genyen ladan yo sèvis sipò pou fanmi ak moun ki te sanzabri anvan yo nan kominote sa yo. Gouvènè Hochul te konsante efò li nan fason ki jis pou ogmante apwovizyonman eta a pou lojman ki bay sipò epi nan pri ki abòdab pou fè New York vin pi abòdab epi vivab pou tout moun."

Chèf Direksyon Community Services for Every1 Mindy Cervoni te deklare, "Sibvansyon sa pèmèt Community Services for Every1 abòde bezwen enpòtan ki pa satisfè yo pou lojman dekalite nan pri abòdab, epi ki bay sipò nan Vil Niagara Falls. The Nest will ofri 18 inite lojman pèmanan ki bay sipò epi l ap pèmèt Community Services for Every1 ede rezidan ki gen nenpòt faktè ki kontribye nan enstabilite lojman yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri OTDA a pou anons sibvansyon resan yo. Sibvansyon sa ap bay finansman ki enpòtan pou abòde pwoblèm sanzabri a."

PDG Greater Opportunities for Broome and Chenango Counties, Mark Silvanic te deklare, "Nou kontan pou tandè ke yo ban nou sibvansyon HHAP a pou faz finansman sa. Nou te gen pou konplete plizyè nan pwojè sa yo nan Konte Broome. Eksperyans nou nan fasilite pwojè sa yo ap ede nou pote lojman bon kalite, sekirize epi nan pri abòdab nan Konte Chenango tou. Menm jan ak anpil kote nan peyi sa, Chenango pa iminize kont kriz lojman an. Pwojè tankou sa ede konbat ensekirite lojman k ap grandi a ki kontinye trakase nasyon nou an. Nou kontan ke yo fè nou konfyans ak finansman sa, epi n ap fè tout sa nou kapab pou kontinye eradike sitiyoasyon sanzabri a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)